внимания необходимо для будущего актера, поскольку оно помогает собрать творческий материал, необходимый для художественной работы.

**SUMMARY.** The article discusses the importance of developing attention and observation skills in young actors who are being trained in theatrical arc. It also emphasizes that cultivating attention is essential for a future actor, as it helps in collecting creative material necessary for artistic work.

# QARAQALPAQ OYÍN ÓNERI: ELIZAVETA ARTYOMOVNA PETROSOVA OYÍNLARÍNDA

**Yuldasheva Zuxra Salievna** – *docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** san'at, raqsshunoslik, ekspeditsiya, faoliyat, jarayon, janr, nazariya, tadqiqot, tahlil, arxeologik, etnografik, adabiy ma'lumot, rejissyor, baletmeyster.

**Ключевые слова:** искусство, танцеведение, экспедиция, деятельность, процесс, жанр, теория, исследование, анализ, археологический, этнографический, литературная информация, режиссер, балетмейстер.

**Key words:** art, dance studies, expedition, activity, process, genre, theory, research, analysis, archaeological, ethnographic, literary information, director, ballet master.

Xalıqtıń kewlin kóteriw, ruwxlandırıwda, dúnyaǵa poetikalıq kózqarasları, onıń danalıǵı hám ruwxıy kúshi tek ǵana qosıqlarda emes ertekler, ápsanalar hám ańızlar arqalı sonıń menen bir qatar da, ámeliy kórkem óneriniń bay shıǵarmaları, xalıq oyınları, dástúrler, bayramǵa say máresimlerinde de óz kórinisin tapqan. Hátteki adamlardıń kúndelikli turmısında da mádeniyat, gózzallıq sezimi hám miynetkesh xalıqqa bolǵan húrmeti sheksiz. Bizge belgili, dúnyada pútkil barlıqtı úyrenetuǵın júzlegen ilimler bar. Solardıń arasında kórkem ónertanıw ilimi insannıń ruwxıy dúnyasın jáne de joqarılatıwı, dóretiwshi hám onıń dóretiwshilik úlgileri arasında ózine tán dilmash wazıypasın atqarıwı menen ayrıqsha salmaq hám áhmiyetke iye.

Oyın óneri xoreografiya ilimiy jumısları keń hám hár túrli. Úyrenilip atırǵan ayaq oyın óneri boyınsha anıq dálillerdi toplaw, olardı hár tárepleme úyreniw hám ulıwmalastırıw, ayaq oyını kórkem ónerin ekspediciyalar járdeminde ashıw, tariyxıy ayaq oyınlardı anıqlaw, dizimge alıw hám tártipke salıw, olar haqqında maǵlıwmat toplaw, biografik hám basqa maǵlıwmatlar jaratıw, kórkem óner iyeleriniń dóretiwshilik miyrasın (eske túsiriwler, xatlar, maqalalar, dóretiwshilik jumıslar katalogi hám t.b.) basıp shıǵarıw sıyaqlılar kiredi.

Ayaq oyını sınshılıǵı xoreografiya ónerindegi zamanagóy proceslerdi, yaǵnıy baǵdar, túr hám janrların, ayaq oyını óneri ustalarınıń dóretiwshiligi hám olardıń óz aldına kórkem shıǵarmaların analiz etedi hám baha beredi. Usılar tiykarında ayaq oyın iliminiń tiykarǵı tarawları hám ádebiy janrları belgilenedi. Milliy oyın hám xoreografiya ónerine tiyisli teoriyalıq kitaplar, sabaqlıq, oqıw-metodikalıq qollanba, teoriyalıq hám tariyxıy, ulıwma hám arnawlı (monografiya) izertlewler, ilimiy maqalalar toplamları, sholıwlar, maqala hám shıǵıp sóylewler, sın kózqarastan ulıwmalastırıwlar hám salıstırmalı talıqlawlar usılardıń qatarına kiredi.

Kórkem ónertanıw ilimiy-izertlew institutı tárepinen 1956-1985-jıllar dawamında turaqlı túrde respublikamızdıń túrli wálayatlarına ilimiy ekspediciyalar shólkemlestirilgen. Xalıq ishindegi bilimdanlardan mádeniyat hám kórkem ónerge tiyisli maǵlıwmatlardı awızeki, jazba, foto súwretke alıw hám kino lentalarǵa túsiriw arqalı xalıq dóretiwshiligi miyrasın saqlap qalıwǵa kiristi. Bunday ekspediciyalarda muzıkatanıwshı hám teatr tanıwshı ilimpazlar menen bir qatarda ilimpaz, professor Elizaveta Petrosova da qatnasıp, hár bir aymaqtıń ózine tán folklor ayaq oyını úlgilerin kinotaspaǵa jazıp algan, atqarıwshılar menen sáwbetlesken. 1956-

1959-jıllar dawamında turaqlı túrde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq rayonlarına Lizaxanum, Tatyana Litvinova menen birgelikte qatnasıp ilimiy ekspediciyalar baslaǵan. Qaraqalpaqlardıń reń-bereń, kóp janrlı dástúriy xalıq ámeliy kórkem ónerinde, xalıq teatr yamasa oyın ónerı bolmaǵan. Bunıń sebebi bar: qaraqalpaq xalqınıń táǵdiri awır hám qıyın keshken. Yarım kóshpeli turmıs tárizi, basqa xalıqlar menen bárhama soqlıǵısıwı, qońsılaslar menen kelispewshilikleri, tez-tezden ulıwma xalıqtıń kóship júriwleri, qáwimlerdiń qarama-qarsılıqları, aqıbetinde sheksiz gúreslerden soń Aral boyı shólistanlıqlardı hám qúdiretli Ámiwdáryanı jaǵaladı. Sonıń menen birge xalıq mádeniyatında oyınlardıń joq ekenligi, bunıń eń áhmiyetli sebeplerinen biri kóshpeli túrmıs tárizi edi. Usı derekler tiykarında ilimpaz ilimiy izleniwler alıp barǵan. Lizaxanum Qaraqalpaqstanda xoreografiyanıń qaliplesiwi hám rawajlanıwına salmaqlı úles qosadı. Milliy muzıka hám ayaq oyın kórkem óneri tarawında ilimiy izleniwler alıp barıw maqsetinde, 1951-jılı saxnaǵa qaraqalpaq oyının qoyıwdı maǵan usınıs etti dep esleydi Elezavetta Petrosova, “Ózim dárhal bir sheshimge keldim, qaraqalpaq xalıq mádeniyatı júdá bay bolǵan oyınına qanday da bayramǵa say dástúrdi qoyıwǵa tezlik penen qarar ettim. “Toy” kompoziciyası tańlandı hám men bul jerde kútilmegen qıyınshılıqlarǵa dus keldim - xalıq ayaq oyınına iye emes edi, ózine say joqarı mádeniyatı, bay ámeliy kórkem óneri, awızeki ádebiyatı, sansız qosıq hám namaları bar bolǵan menen adamlar oyın oynamaǵan. Biraq, bayram dástúrleri, xalıq oyınları, hátteki kúndelikli úy-ruwzıgershilik jumısları: kóshede doslar ushırasıwı, miymanlar menen ushrasıw, jaslardıń dástúriy aqshamları tuwrı mániste obrazlı plastika menen toyınǵan, ima-ishara belgileri, júriwleri, turıwları, hátteki qol barmaqlarınıń háreketleri de ayrıqsha nızamlastırılǵan túrge iye bolıp, oyında obrazlıq plastikası menen júdá jaqınlasadı. Xalıq oyının jaratıw wazıypası meni ózine tarttı. Men adamlardıń ózine say plastikalıq háreketlerin úyreniwge hám sol tiykarda oyınlar jaratıwǵa qarar ettim”. [1.13]

Kórkem ónertanıwshı ilimpaz, professor Lizaxanum 1913-jılı Fergana qalasında duniyaǵa kelgen. Jaslayınan óziniń kórkem ónerge bolǵan ıqlası hám uqıbı menen kózge tusip, ózbek milliy oyın sániyatınıń ataqlı hám talantlı wákilleri bolǵan ustazları Usta Olim Komilov, Yusufjon qızıq Shakarjanov, ajapaları Tamaraxanum (Tamara Petrosyan), Gawhar Raximovalardan (Goar Petrosyan) sabaq alıp, milliy oyın ritmlerin úyrenge. 1928-jılı Andijan teatrında jumıs baslaǵan. 1933-36 jılları Samarqand qalasındaǵı drama teatrında balet artisti hám baletmeyster bolıp isleydi. 1936-jıldan baslap Ózbek mamleketlik filormoniyasında baletmeyster bolip isleydi. Al, ekinshi jer júzlik urıs dáwirinde ataqlı ǵayratker Gawhar Raximova basshılıǵındaǵı ózbek hayal-qızlarınan dúzilgen Front ansamblinde oyınshı hám baletmeystr bolıp isleydi, sol jılları “Qazaqsha massalıq oyın”, “Qara shashım”, “Pamir oyını”, “Fergana bayram oyını” hám E.N. Baranovskiy menen birgelikte “Xosil bayram” atlı syujetli syutasın saxnalastıradı. 1956-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik filormoniyasında kórkemlik jaqtan basshı hám baletmeyster bolıp islep hám “Qaraqalpaqlar toyı”, “Qız uzatıw”, “Aq altın valsi”, – “Qırıq qız”, “Kiyiz basıw”, “Ilme Sultan”, “Balıqshılar”, “Shopanlar”, “Ámiwdarya”, “Sonday kuldim” hám “Ay qulash” qaraqalpaqsha oyınlarIn jarattı. Sol jılları 70 den artıq oyınlardı saxnalastıradı. Miynet processleriniń ayrıqsha usılların úyreniw, tábiyattıń ózine tánligin ańlaw hám kóriw ushın Petrosova alıs aymaqlarǵa sayaxat qıldı, kiyiz tayarlaw ushın arteller júmısların dıqqat penen kórip shıqtı hám óz oyınlarında miynet procesin ayqın ashıp beredi bunday oyınlarınan “Kiyiz basıw”, “Ilme Sultan” bul oyınlarda tigiwshilik hám keste tigiw illiyustrativ hareketlerin, Ámiwdarya hám Aral teńizindegi balıqshılardı gúzetti, yarım araldıń mámleketlik xojalıqlarınan birinde tor toqıwdı úyrendi hám de “Balıqshılar”, “Ámiwdarya” oyınların jáne de “Aq altın valsi”, “Ayqulash” oyınlarında jigit hám qızlardıń aydın keshtegi seyilleri hám bir birine bolǵan birinshi muxabbattıń tuwılıwı haqqındaǵı ájayıp syujetli oyınlar saxnalastırǵan.

Petrosova óz tájriybesinen paydalanıp, háreketler sistemasın áste aqırınlıq penen keńeytirgen jaǵdayda muzıkalı drama, komediyalar hám oyınlardı saxnalastıradı. Ol tárepinen dúzilgen Qaraqalpaq qosıq hám oyın ansambli 1957- jılı Jáhán jaslar hám studentlerdiń IV festivalına qatnasadı. 1959-jılı Moskvada bolıp ótken ózbek sanatı hám madeniyati dekadasına qatnasadı hámde jaqsı konsertler beredi. Lizaxanum qaraqalpaq xalıq bayramların kórip shıǵıp, oyınlardı ózgesheliklerine qaray altı túrge bóledi. Eliklewshi, turmıslıq, predmetli, lirikalıq, tariyxıy hám máresimlik ayaq oyınları usılar qatarına kiredi. Ol eń dáslep jáhán oyını hám ózbek oyını kólemindegi ayaq oyınlardı talqılawǵa itibar qaratadı. Sonday-aq, qaraqalpaq xoreografiya kórkem ónerin úyreniwde, ayaq oyın ustaları Usta Olim Komilov, Tamaraxanum, qaraqalpaq shayır hám jazıwshılarınan N.Dáwqaraev, A.Shamuratov, I.Yusupov, S.Xojaniyazov, D.Aymurzaev, T.Seytjanov, N.Japaqovlar hám kompozitorlardan J.Shamuratov, A.Xalimov, X.Turdıqulov, F.Nazarov, M.Nasimov, M.Burxanov, A.Sultanovlardan qaraqalpaq mektebi wákilleriniń dóretiwshiligi haqqında maǵlıwmatlardı aladı. Qaraqalpaq awıllarında jasawshı xalıqtıń ayaq oyın háreketlerin, dógerek usılların úyrenip shıqtı. Lizaxanum tiykargı ekspediciyalarda Tatyana Litvinova joldaslıq etti. Ótkerilgen ekspediciyalar nátiyjesinde 1976-jılı “Каракалпакский танец” kitabı dáslepki oqıw qollanbasın jarattı. Oyınnıń qáliplesiwi hám ǵalabalasıw sebeplerin úyrenedi hám kitapqa bir qatar jańalıqlar kirgizedi. Bular, ulıwma massalıq atqarılatuǵın tariyxıy oyınlar, jıl máwsimleriniń almasıwı menen baylanıslı ózine tán turmıslıq máresimleri haqqında gúrriń etiwshi oyınlar bolıp tabıladı. Elezabeta Artemovna Petrosova Ózbekstan hám 1957- jılı Qaraqalpaqstan xalıq artisti, 1969- jılı Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureate.

Qaraqalpaq xoreografiya kórkem ónerin puqta úyrenip, izertlep, onıń teoriyalıq tiykarların jaratıp bergen Elezabeta Artemovna Petrosova ózinen keyingi áwlad wákilleri, kórkem ónertanıwshı hám ayaq oyınshılar ushın ólmes miyras qaldırıp ketti.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Е.А.Петросова Каракалпакский танец Ташкент- Гафур Гулам 1976-г
2. Sh.Usnatdinov “Birinshi qaraqalpaq Baletmeysteri” Nókis. Qaraqalpaqstan baspası 2011
3. Kazakbayeva Z, D.Sayfullayeva “Raqs san’ati tarixi va raqs sahnalashtirish sirlari” Toshkent. 2006.
4. Z.Yuldasheva “Qaraqalpaq oyın óneri tariyxı” oqiw qollanba. Nókis 2025. “PRINT DARHAN” nashriyoti
5. Z.Yuldasheva “Qaraqalpaq korkem oner madeniyatinda ayaq-oyin onerinin rawajlaniwi” «ОБРАЗОВАНИЕ, НАУКА И ИННОВОЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ» международный научно-оброзовательный электронный журнал.



**REZYUME**. Ushbu maqolada muallif tomonidan qoraqolpaq raqs san’ati, raqs ilmi, san’atshunos olima E.A.Petrosova va uning ilmiy tadqiqot ishlari haqida ma’lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье автором представлена информация о каракалпакском танцевальном искусстве, танцевальной науке, искусствоведении Е.А.Петросовой и ее научно-исследовательских работах.

**SUMMARY.** In this article, the author provides information on Karakalpak dance art, dance science, art criticism by E.A. Petrosova, and her research works.